

RUZIVO MAERERANO NEKUVHARIRWA MUKATI

SHONA

HURUMENDE YESOUTH AFRICA NDIYO INE HURUKURO IRI KUTEVERA. NGAIFAMBISWE KUHAMA NESHAMWARI
MUSAVHUNDUKA KANA KUTYA ASI TORAI NGUVA IYI KUBATIRA PAMWECHETE.

KUVHARIRWA MUKATI KWENYIKA YESE KURI KUTANGA MUSI WECHINA 26 MARCH 2020 PAKATI PEHUSIKU ZVICHENDERERA KWEMAZUVA MAKUMI MAVIRI NERIMWECHETE.



**KUVHARIRWA
MUKATI UKU
KUNOREVEI?**

Kuvharirwa mukati uku kunoreva matanho atorwa nehurumende inotaura kuti zvizvarwa zvemuSouth Africa zvinofanirwa kugara mudzimba kunze kweavo vanoshanda mabasa anochengeta raramo yeruzhinji. Nzvimbo dzinotengeswa chikafu, kunowanika mishonga inochengeta hutano hwevanhu uyezve kunochengetwa mari kunoramba kwakavhurwa. Dzimwe nzvimbo dzinoita mabasa asina kukosha dziri kumbovharwa pari zvino.



**KUVHARIRWA
MUKATI KURI
KUITIRWEI?**

Kuvharirwa mukati kwenyika yese kuri kufanira kuitwa pari zvino kuitira kumisa kutenderera kwechirwere. Kumisa kutenderera (kweutachiwona) nekuchengetedza utano hwevanhu.



**NDINOKWANISA KUITA
SEI PANGUVA
YEKUVHARIRWA IYI?**

Unokwanisa kunotenga chikafu, kuenda kuchipatara, kuenda kunotoro mari yerubatsiro rwehurumende uyezve kutora mari kumabhanga.



**CHII CHINOITIKA
NDIKATYORA
MUTEMO?**

Munhu anotyora mutemo anogona kusungwa kwemwedzi wose asingapihwi mukana wekubvisa faindi.



**NDINOGONA
KUENDA KUBASA
HERE?**

Kuchaiswa zviziviso zvizere zvinosanganisa kunotengeswa chikafu, nzvimbo dzinotengesa mafuta emotokari, zvipatara, mabhangi nevanoona zveutano. Makambani anoona zvekugadzirwa nekufambiswa kwechikafu anoramba akavhurwa.



**UNGATENGA CHIKAFU
CHAKAWANDA HERE
PARI ZVINO?**

Nzvimbo dzinotengesa chikafu namabhangi zvicharamba zvakavhurwa nguva yose.



**NDODII KANA
NDICHIDA
RUBATSIRO
NEKUKURUMIDZA?**

Rubatsiro runokurumidza rwanachiremba, zvipatara nemakiriniki zvichange zvakavhura semazuva ose.

**WHATSAPP
0600 123 456**

**RUBATSIRO RUNOKASIKA
0800 029 999**

**WEBSITE
WWW.SACORONAVIRUS.CO.ZA**